



**UNIONDALE UNION FREE
SCHOOL DISTRICT**

933 GOODRICH STREET,
UNIONDALE, NY 11553-2499
Website:
[://district.uniondaleschools.org](http://district.uniondaleschools.org)

BOARD OF EDUCATION
ARMISE P. DESIRÉ, *President*
STIN BROWN, *Vice President*
RY BEDIAKO, *ED. D., Trustee*
INA BLANCO-HARVEY, *Trustee*
CAROL EASON, *Trustee*
NICIA HOPKINS, *Student Member*

DISTRICT CLERK
RICIA MCSHANE-CONNOLLY
560-8945 • FAX 516-918-1060

ADMINISTRATION

Superintendent of Schools
WILLIAM K. LLOYD, PH.D.
516-560-8824 • FAX: 516-414-5675
AIL: wllloyd@uniondaleschools.org

**Principal Superintendent of Schools
&
Assistant Superintendent for
Curriculum and Instruction**
RHONDA A. TAYLOR
516-560-8825 • FAX: 516-560-8917

**Human Resources Assistant Superintendent
for
Human Resources**
ROBERT RODRIGUEZ
516-560-8822 • FAX: 516-560-8927

**Assistant Superintendent
for Business Affairs**
STEVEN M. EPSTEIN
516-560-8801 • FAX: 516-918-1071

5 fevriye, 2021

Chè Lafanmi ak Anplwaye Distrik Eskolè Uniondale yo:

Kòm nou kontinye kontwole ogmantasyon nan kantite ka COVID-19 nan kominote nou an, nou rete angaje nan kenbe elèv nou yo, anplwaye yo, ak rezidan kominote yo an sekirite. Malgre disponiblite vaksen an, kantite ka pozitif nan Uniondale la kontinye ap monte chak semèn. Akòz de sa, nou oblije raple fanmi yo ak elèv yo de nesesite pou limite nenpòt vwayaj pandan vakans nan sezon fredyèl. De 15 fevriye rive 19 fevriye vwayaje nan ka ijans SÈLMAN. Nou menm tou nou sijere ke fanmi yo ak anplwaye yo evite resevwa moun lakay yo oswa ale nan gwo rasanbleman Superbowl nan fen semèn sa a, paske sa a kapab yon kanal pou malady COVID sa a gaye nan kominote a. Manm anplwaye yo ak fanmi yo ki fòse yo vwayaje pandan vakans sezon fredyèl a ta dwe respekte restriksyon vwayaj Eta New York yo epi yo pa retounen lekòl jiskaske yo otorize yo atravè tès yo, oswa apre peryòd karantèn dis jou a. Yo mete restriksyon sa yo an plas pou kenbe tout fanmi nou yo ak kominote edikasyonèl nou an an sekirite kont posiblite pou malady sa a gaye plis nan kominote nou an.

Kòm nou konsidere tout faktè sa yo, nou deside relouvri lekòl yo pou elèv ki vin an pèsòn yo nan Lendi, 1 mas olye de Lendi, 22 fevriye. Sa a pral pèmèt nou gen yon semèn anplis k ap ede nou asire ke elèv nou yo ak anplwaye nou yo retounen nan lekòl yo san COVID-19 otan ke posib. Se poutèt sa, tout elèv yo pral sou platfòm vityèl la depi 22 fevriye jiska 26 fevriye. Nou konprann ke gen fanmi k ap kontraye akòz de desizyon sa a, kidonk n ap konseye yo nan moman sa a pou yo fè aranjman apwopriye yo.

Kòm nou kontinye travay pou kenbe kominote nou an an sekirite kont diferan varyasyon viris sa a, mwen ankouraje tout moun kontinye swiv tout pwotokòl sekirite CDC a tankou distans sosyal omwen 6 pye, lave men tout tan, ak mete mask N95 yo nan figi nou. Mwen konseye nou pou nou pwolonje pratik sa yo tankou mete mask menm lè nou andedan kay nou, ak lè n ap sosyalize ak nenpòt moun deyò.

Nan sèvis timoun yo,

Rhonda Taylor
Sipèentandan Enterimè